

GLADHEN WULANGAN 7

A. Wangsulana pitakon ngisor iki kanthi milih siji wangsulan sing paling bener!

1. Adhiku yen mangan sedina ping telu. Tembung 'mangan' iku asale saka tembung lingga....
 - a. mangan
 - b. pangan
 - c. pakan
 - d. mangani
2. Blimbingku sing kowenehi mau durung Tutugane ukara ing ndhuwur sing mathuk yaiku....
 - a. dakpangan
 - b. kopangan
 - c. dipangan
 - d. mangan
3. Vitamin C sing emot ing blimbing iku gedhe banget. Tembung 'emot' mathuke oleh wuwuhan wujud....
 - a. ater-ater ka-
 - b. ater-ater ko-
 - c. seselan
 - d. panambang
4. Berase ginawakake menyang daleme mbah putri. Tembung 'ginawakake' ing ukara iku asale saka tembung lingga....
 - a. gawa
 - b. gawakake
 - c. nggawa
 - d. ginawa
5. Donga muga-muga kowe tansah sehat wal-afiat. Tembung 'donga' yen oleh wuwuhan, mathuke muni....
 - a. ndonga
 - b. dakdongakake

- c. kodongakake
d. dinonga
6. Adhiku dolanan masak-masakan karo kancane. Tembung 'dolanan' asalae saka tembung lingga....
a. dolanan
b. dolan
c. dodolan
d. dodol
7. Bapak lagi cukur rambute adhik bayi. Tembung lingga 'cukur' iku mathuke oleh wuwuhan wujud...
a. ater-ater m-
b. ater-ater n
c. ater-ater ng-
d. ater-ater ny-
8. Martabakku dakgambari pokemon nganggo coklat messes. Tembung 'dakgambari' ing ukara dhuwur iku asale saka tembung lingga....
a. dakgambar
b. gambar
c. gambari
d. dakgambari
9. Bapak unjuk wedang jahe abrit. Tembung sing digaris ngisore iku mathuke muni...
a. ngunjuk
b. diunjuk
c. kaunjuk
d. unjukan
10. Ibu nyawisake dhaharan kanggo bapak. Tembung 'nyawisake' yen diudal manut tembung linggane....
a. ater-ater ny- + nyawis + panambang -ake.
b. ater-ater ny- + cawis + panambang -ake.

- c. ater-ater n- + nyawis + panambang -ake.
- d. ater-ater n- + cawis + panambang -ake.

B. Ukara-ukara ngisor iki isenana nganggo tembung sing wis sumadya ing ngisore!

1. Ibu ... sega nganggo kukusan.
2. Rini banyu kanggo wedang.
3. Siti gedhang.
4. Woh-wohan iku sing akeh gizine.
5. Sukun mentah kuwi ora enak yen ngono wae.
6. Ana kancil lagi timun.
7. Kucinge iwak daging karo sega putih.
8. Jagung uga bisa dadi manuk dara.
9. Dimas iku kelemon amarga akeh
10. Pitike dhedhek wae!

a. panganan	f. mangan
b. dipakani	g. nggoreng
c. pakanane	h. memangan
d. nggodhog	i. nggodhok
e. pakanana	j. dipangan